

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana rumusan jeung watesan masalah, tujuan panalungtikan sarta hasil analisis data kasalahan morfologis dina karangan éséy siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung, kacindekan tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kasalahan dina ngagunakeun wangun kecap rundayan aya 257 kecap (91,77%), anu wincikanana: (1) kasalahan ngagunakeun rarangkén hareup aya 137 kecap (48,92%), (2) kasalahan ngagunakeun rarangkén tengah aya lima kecap (1,78%), (3) kasalahan ngagunakeun rarangkén tukang aya 52 kecap (18,57%), (4) kasalahan ngagunakeun rarangkén barung 35 kecap (12,5%), jeung (5) kasalahan ngagunakeun rarangkén gabung aya 28 kecap (10%). Kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan aya 18 kecap (6,43%) kalawan wincikan: (1) kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan dwimurni aya 15 kecap (5,35%), (2) kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan dwipurwa aya dua kecap (0,72%), jeung (3) kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan dwiréka aya sakecap (0,36%). Kasalahan ngagunakeun wangun kecap kantétan aya dua kecap (0,72%), jeung kasalahan morfofonémis aya tilu kecap (1,08%).
- 2) Kasalahan dina ngagunakeun wangun kecap rundayan mangrupa kasalahan anu panglobana dipilampah siswa. Ieu nuduhkeun yén siswa kelas XII SMA

Kartika Siliwangi 2 Bandung Taun Ajar 2010/2011 can paham kana prosés ngararangkénan kecap.

- 3) Tina kasalahan morfologis anu kapanggih, hampir aya wincikan kasalahan balukar intérférensi tina basa Indonésia. Lobana siswa anu ngawangun kecap rékaan tina kecap injeuman basa Indonésia jeung pacampurna rarangkén tina basa Indonésia, ngagambarkeun yén basa Sunda langka dipaké minangka basa sapopoé.

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan kasalahana morfologis dina karangan éséy siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajar 2010/2011, ieu di handap baris diébréhkeun sababaraha rékoméndasi.

- 1) Pangajaran ngeunaan kaédah morfologis perlu diajarkeun sacara inténsif ka barudak sakola minangka salasihiji tarékah pikeun nyingkahan kasalahan makéna basa, utamana dina ngawangun kecap rékaan.
- 2) Ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan perhatian pikeun guru dina nyusun rarancang bahan pangajaran basa Sunda.
- 3) Ieu panalungtikan téh ngan saukur nganalisis kasalahan morfologis tina wacana tulisan wungkul. Data nu leuwih lengkep tangtu kudu aya sumber wacana lisan. Ku kituna, panalungtikan kasalahan morfologis téh masih bisa dituluykeun, pangpangna anu maké sumber data basa Sunda lisan.